



Pou Piblikasyon Imedya: 24/06/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOTEKSYON SWEN SANTE YO POU MOUN NEW YORK KI TRANSJAN YO

An Antisipasyon Demantèlman Potansyèl Pwovizyon “Lwa sou Swen Abòdab” Kle an, Ajans Eta yo Pral Mete Règleman Ki Ap Entèdi Konpayi Asirans ak Antrepriz Swen Sante yo Fè Diskriminasyon Kont Pasyan Ki Transjan yo

Li Ap Ajoute sou Piblikasyon Règleman Gouvènè Cuomo Te Fè Pou Premye Fwa Nan Nasyon an Pou Entèdi Asèlman ak Diskriminasyon sou Baz Idantite Seksyèl

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yon seri mezi agresif pou fè fas a efò Administrasyon Trump lan prevwa fè pou legalize diskriminasyon kont moun ki transjan yo ki ap chèche aksè a swen sante. An antisipasyon demantèlman gouvènman federal lan de yon pwovizyon Lwa sou Swen Abòdab (Affordable Care Act, ACA) kle, Gouvènè an te òdone Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York lan pou li mete règleman ki ap entèdi antrepriz swen sante yo fè diskriminasyon kont pasyan ki transjan yo. Gouvènè an te òdone Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS) Eta New York lan tou pou mete règleman ki ap elaji anplè pwoteksyon anti-diskriminatwa yo pou moun ki transjan yo nan sa ki gen rapò ak aksè a asirans sante, epi pou voye yon lèt ki ap sikile ki ap raple patisipan nan endistri an ke yo deja entèdi diskriminasyon sou baz idantite seksyèl yo nan New York nan kèk politik.

“New York te fonde sou prensip enpasyalite ak egalite, epi nou pa pral rete bra kwaze pandan ke Washington ap chèche detwi dwa ak pwoteksyon ke nou te redi jwenn yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pou chak pa ke Administrasyon Trump lan fè annaryè, New York pral fè de pa annavan, epi règleman sa yo pral garanti epi elaji pwoteksyon pou moun New York ki transjan yo pou ede asire ke chak abitan gen aksè egal a swen sante.”

Administrasyon Trump lan te pwopoze anilasyon yon règleman federal ki klarifye ke pwoteksyon non-diskriminatwa nan Lwa sou Swen Abòdab lan ki baze sou sèks yo gen ladan yo tou pwoteksyon ki baze sou idantite seksyèl. Nan retire pwoteksyon sa yo sa tra pral ekspoze anviwon 90,300 moun New York ki transjan yo a diskriminasyon ki enjis, flagran epi ilegal.

An konsekans, Gouvènè an te òdone Depatman Sante Eta a pou li mete yon règleman ki ap mande tout lopital yo nan Eta a pou mete ajou deklarasyon dwa pasyan yo pou

entèdi diskriminasyon kont pasyan ki transjan yo. Règleman aktyèl yo pa gen ladan yon egzijans konsa. An 2016, Divizyon Dwa Zimen (Division of Human Rights, DHR) Eta New York lan te adopte règleman ki ap klarifye ke Lwa sou Dwa Imen yo (Human Rights Law) ap pwoteje moun New York ki transjan yo kont diskriminasyon akòz diskriminasyon seksyèl gen ladan diskriminasyon idantite seksyèl. Règleman DOH jodi a ap ajoute sou epi ranfòse mezi DHR te pran anvan yo pou egziye kounye a pou lopital yo ka enfòmasyon pasyan yo yon fason afimatif de dwa yo.

Klike [la a](#) pou wè règleman DOH pwopoze a.

An plis, Gouvènè an te òdone Depatman Sèvis Finansye Eta a pou mete nouvo règleman pou elaji anplè anti-diskriminatwa pou moun ki transjan yo ki ap chèche aksè a asirans sante depase pwoteksyon ACA anvan yo. ACA te pwoteje anvan sa moun ki transjan yo kont diskriminasyon nan politik asirans sante pou gwoup endividyèl ak ti gwoup yo, men li pa't bay pwoteksyon pa rapò a politik pou gwo gwoup yo. Jodi a, DFS pral pwopoze yon règleman ki ap entèdi diskriminasyon sou baz idantite seksyèl nan administrasyon politik pou gwo gwoup yo.

DFS ap voye yon lèt tou ki ap sikile ki ap raple patisipan nan endistri an ke yo deja entèdi diskriminasyon sou baz idantite seksyèl yo nan New York nan politik pou gwoup endividyèl ak ti gwoup yo. DFS te mete règleman yo an 2017 ki ap asire ke yo ta pral prezève epi pwoteje tout anplè pwoteksyon anti-diskriminatwa ACA yo nan New York, kèlkeswa mezi ke Administrasyon Federal lan pran nan fiti nan Washington.

Klike [la a](#) pou wè lèt sikilè DFS lan epi [la a](#) pou wè règleman DFS pwopoze a.

Finalman, Divizyon Dwa Zimen an pibliye jodi a yon fich deskriptif ki ap raple moun New York yo ke Lwa sou Dwa Imen nan Eta New York lan aplike espesifikman nan lopital yo, epi li entèdi diskriminasyon sou baz idantite seksyèl. DHR ap administre epi ranfòse Lwa sou Dwa Imen an, epi yo ankouraje nenpòt moun ki kwè ke yo te fè diskriminasyon kont yo pou yo kontakte yo apati itilizasyon enfòmasyon kontak DHR lan ki mansyone anba a.

Klike [la a](#) pou wè fich deskriptif DHR lan.

Diskriminasyon ilegal sou baz idantite seksyèl pa yon lopital ka gen ladan:

- Refize bay aksè egal a yon lopital baze sou idantite seksyèl yon moun;
- Endike ke moun ki transjan yo pa byenvini nan etablisman an;
- Refize itilize yon non prefere oswa prenon prefere yon moun;
- Refize itilize chanm a kouche oswa lòt etaklisman yo konsistan ak idantite seksyèl yon moun;
- Asele, anmwiye oswa pase yon moun nan betiz akòz idantite seksyèl li; oswa
- Refize bay tretman a yon moun ki transjan paske moun sa te plenyen akòz diskriminasyon.

Komisè Depatman Sante a, Howard Zucker, te deklare, “Pa gen plas nan sistèm livrezon swen sante an pou okenn tip diskriminasyon. Eta New York kanpe bò kote

moun ki transjan yo epi li opoze a nenpòt aksyon ki pou limite dwa yo pou yo jwenn bon jan kalite swen medikal”.

Sipè-entandan Sèvis Finansye a, Maria T. Vullo, te di, “Pèsòn pa ta dwe sibi diskriminasyon epi ke yo refize bay yo kouvèti asirans sante akòz idantite seksyèl yo. Ak nouvèl mezi sa yo, Gouvènè Cuomo ansanm ak DFS ap yon lòt fwa ankò demontre angajman eta sa nan asire ke tout moun New York yo, kèlkeswa idantite seksyèl yo, jwenn kouvèti asirans sante ke yo bezwen”.

Komisè Divizyon Dwa Zimen, Helen Diane Foster, te di konsa, “Moun New York ki transjan yo merite menm nivo swen medikal ke nenpòt lòt moun. Yo pral pouswiv lajistis travayè nan lopital ak medikal yo ki refize bay yo aksè sa oswa otreman asele oswa fè diskriminasyon kont yo sou Lwa sou Dwa Imen an”.

Senatè Neil Breslin te di, “Sa gen pi gwo enpòtans pou ke moun New York yo gen aksè a resous ak sèvis sante yo. Pou kapab asire ke pwochèn jenerasyon lidè yo pwospere nan gwo eta sa, Gouvènè Cuomo ap pran mezi ki nesèsè ki pa fè diskriminasyon, men bay tout moun swen sante. Mwen felisite mezi ke yo te pran jodi a, pliske yo pral poze fondasyon pou yon pi bon avni”.

Prezidan Komite Asirans Asanble an (Assembly Insurance Committee) Kevin A. Cahill te deklare, “Mwen aplodi Gouvènè an poutèt li ap òdone ajans eta yo pou prezante règleman ki pral pwoteje dwa a swen sante pou tout abitan nou yo. New York pa fè diskriminasyon, epi lè nou dekouraje pratik patipri biznis yo, nou pral jije konpayi asirans yo responsab pandan ke y’ap bay sèvis ak resous ke moun New York yo bezwen pou mennen yon bon kalite lavi nan Empire State”.

Direktè Egzekitif Lesbian, Gay, Bisexual & Transgender Community Center yo (Sant Kominotè Lesbyèn, Homoseksyèl, Biseksyèl & Moun Ki Transjan) nan Vil New York lan Glenda Testone te deklare, “Mwen aplodi efò Gouvènè an ap fè pou konbat mezi andomajan yo ke gouvènman federal lan menase pran kont kominote nou an. Sou lidèchip li, yo pa pral prive moun New York yo de dwa swen sante yo epi yo pral gen aksè a resous ak asistans ki nesèsè pou mennen bon kalite lavi nan pi gwo eta ki genyen an. Mwen fyè de jan New York te rive lwen, epi mezi sa yo jodi a ap ajoute sou istwa ke Eta sa te fè nan asire egalite pou tout moun”.

Donna Lieberman, Direktè Egzekitif New York Civil Liberties Union, te deklare, “Mezi sa yo se yon etap enpòtan pou asire ke tout moun New York yo kapab aksede a swen sante ke yo bezwen, kèlkeswa idantite seksyèl yo. Pandan ke administrasyon Trump lan ap kontinye ak atak li an sou dinyite ak sante moun ki transjan yo, New York ap yon lòt fwa ankò leve kanpe, pliske li dwe fè sa, pou pwoteje tout moun New York”.

Direktè Egzekitif New York Transgender Advocacy Group lan (Gwoup Defans Moun Transjan New York) Kiara St. James te deklare, “Nan New York, nou chans pou nou gen yon lidè san fatig ki te batay pou dwa chak grenn abitan ki nan eta a, epi dènye mezi sa ap asire ke yo pral bay tout moun sèvis swen sante bazik ak sa ki enpòtan anpil yo, kèlkeswa idantite seksyèl yo. Mwen felisite Gouvènè Cuomo poutèt li ap pwopoze règleman ki pral dekouraje pratik biznis entolerab ak diskriminatwa yo ke

konpayi asirans yo ap itilize nan Empire State, epi sekirize plas New York kòm yon flanbo lespwa ak akseptasyon pou tout moun”.

Direktè Egzekitif Destination Tomorrow lan Sean Coleman te deklare, “Retorik danjere ak mezi ensansib yo ki ap soti nan Washington yo anti-New York epi anti-Ameriken. Nan New York, Gouvènè Cuomo te montre ankò e ankò ke eta sa pa pral aksepte okenn tip jijman oswa patipri, epi li pral kontinye rete yon vwa rezon pou asire enpasyalite ak jistis pou tout moun. Mezi ke Gouvènè an te pran yo jodi a pral asire ke sèvis sante yo disponib pou tout moun - kèlkeswa sa ke gouvènman federal sa ap eseye fè, epi ede konstwi yon kominote ki pi bon, pi ini pou jenerasyon ki gen pou vini yo”.

Nenpòt moun New York ki kwè ke yo te fè diskriminasyon sou yo akòz idantite seksyèl yo ka depoze yon plent nan Divizyon Dwa Zimen Eta New York lan. Yo dwe depoze yon plent nan Divizyon an nan yon peryòd yon ane apre zak diskriminatwa prezime an. Pou ka depoze yon plent:

- Vizite sit entènèt Divizyon an, nan www.dhr.ny.gov, epi telechaje yon fòmilè pou plent. Yo ta dwe siyen plent yo ranpli yo devan yon notè piblik, epi voye yo tounen nan Divizyon an, pa imèl, faks, lapòs oswa an pèsòn. Pase an pèsòn nan biwo Divizyon an.
- Kontakte yonn nan biwo Divizyon an, pa telefòn oswa pa lapòs, pou ka jwenn yon fòmilè pou plent ak/oswa lòt asistans pou ka depoze yon plent.

Divizyon an pral mennen ankèt sou plent lan, epi si Divizyon an jwenn koz pwobab pou kwè diskriminasyon an te rive, yo pral voye ka a nan yon odyans piblik. Yo p’ap mande pou moun peye pou sèvis sa yo.

An Oktòb 2015, Gouvènè Cuomo te entwodwi règleman atravè Lwa sou Dwa Imen Eta New York lan ki entèdi kategorikman asèlman ak diskriminasyon kont moun ki transjan yo. Règleman sa yo afime ke tout moun ki trans-seksyèl yo pwoteje anba lwa sou dwa imen eta, e tout travay piblik ak prive, founisè lojman, biznis, kreditè ansanm avèk lòt antite yo ta dwe konnen ke diskriminasyon ilegal e li pap tolere okenn kote nan Eta New York. Se te premye fwa ke yon Gouvènè te pibliye règleman nan tout Eta a pou entèdi asèlman ak diskriminasyon sou baz idantite seksyèl, sityasyon moun ki transjan, oswa disfori seksyèl.

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)